**दिन–रविवार** **दिनांक–04.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह जनौलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के दू हजार चौदह मे पद संभारबाक बाद लोकसभक जीवन स्तर बढ़िया भेल अछि। श्री शाह जनौलनि जे देशक करोड़ो लोक सभ के कतेको विकास योजना सँ जोड़िकऽ आर्थिक आओर समाजिक रूप सँ मजगूत बनाओल जा रहल अछि। चंडीगढ़ मे जलापूर्ति योजनाक उद्घाटन करैत केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे जल–जीवन मिशन योजना मे देशक चौहत्तरि प्रतिशत घर मे पिबाक साफ पानि पहुँचि गेल अछि। श्री शाह विपक्ष पर चोट करैत दाबा कयलनि जे दू हजार उनतीस मे फेर सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक नेतृत्व मे एनडीएक सरकार बनत।

---

केन्द्रीय गृह राज्य मंत्री नित्यानंद राय जनौलनि अछि जे केन्द्रीय बजट सँ राज्य मे पर्यटनक विकास होयत जाहिसँ रोजगारक नव अवसर बढ़त। श्री राय पटना मे भाजपा प्रदेश मुख्यालय मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे जनौलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक अथक प्रयास सँ बजट मे बिहार लेल विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे राज्य मे बाढ़िक समस्याक समाधान लेल बजट मे एगारह हजार पांच सय करोड़ टाका देल गेल अछि। संगहि, ब्याज मुक्त पंद्रह हजार करोड़ टाका औरो सेहो बिहार के देल जायत।

---

केन्द्रीय जल शक्ति राज्य मंत्री राजभूषण निषाद जनौलनि अछि जे मोदी सरकार गंगा के स्वच्छ आओर निर्मल बनेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री निषाद बक्सर मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे गंगा मे खसयबला नालाक गन्दा पानि के साफ करबाक लेल शीघ्रहि सर्वे कराओल जायत। ओ जनौलनि जे मंत्रालयक टीम शीघ्रहि एहि लेल डी.पी.आर बना कऽ बक्सर जिला प्रशासन के पठाओत। केन्द्रीय मंत्री जनौलनि जे जिला मे सिंचाईक कतेको परियोजना के पूरा करबाक लेल हुनक मंत्रालय टाका दऽ रहल अछि।

---

बिहार पुलिस पटना मे मुख्यमंत्री कार्यालय के उड़ेबाक धमकीबला ई–मेल भेटबाक बीच मामिला दर्ज कयलक अछि। ई, ई–मेल पछिला मासक सोलह तारीख कऽ मुख्यमंत्री आवासक आधिकारिक मेल पर भेटल छल। सचिवालय थानाध्यक्ष संजीव कुमारक बयान पर एफआईआर दर्ज कयल गेल छल। ई–मेल पठाबय बला आतंकवादी संगठन अलकायदाक सदस्य होयबाक दबा कयलनि अछि। शुरूआत जांच मे पाओल गेल अछि जे ई–मेल पठाबयबला व्यक्ति अपन परिचित किछु लोक के फसेबाक साजिश रचने छल। पुलिस दाबा कयलक अछि जे ई–मेल पठायबला व्यक्तिक पहिचान कऽ लेल गेल अछि आओर शीघ्रहि हुनका गिरफ्तार कऽ लेल जायत।

———————————————————————————

भारतीय पुरूष हॉकी टीम बढ़िया खेल कऽ पेरिस ओलंपिकक सेमी फाईनल मे पहुँचि गेल अछि। भारत आई खेलल गेल क्वाटर फाईनल मोकाबिला मे ग्रेट ब्रिटेन के पेनाल्टी शुट–आउट मे चारि–दू सँ हरा देलक। क्वाटर फाईनल मोकाबिला मे भारतक गोलकीपर पी. आर. श्रीजेश आई बढ़िया खेल खेललनि। भारत आब सेमी फाईनल मे नीदरलैंड आओर जर्मनीक बीच होयबला मैचक विजेता सँ भीड़त।

———————————————————————————

ललित नाअजयण मिथिला विश्वविद्यालयक सभ अंगीभूत आओर संबद्ध महाविद्यालय आओर स्नातकोत्तर विभाग सभ मे आब नाम मिथिलाक्षर लिपि मे सेहो लिखल जायत। विश्वविद्यालय प्रशासन सभ प्रधानाचार्य आओर विभागाध्यक्ष के मिथिलाक्षर लिपि मे नाम अंकित करेबाक लेल जना देलक अछि।

———————————————————————————

मिथिलाक नव विवाहित मिथिलानि सभक प्रसिद्ध पावनि मधुश्रावणी चलि रहल अछि। ई पावनि के लऽकऽ महिला सभक बीच बेसी उत्साह देखल जा रहल अछि। मौना पंचमी सँ शुरू भऽ कऽ श्रावण शुक्ल तृतिया धरि चलयबला ई पावनि मे नव विवाहित मिथिलानि सभ फूल लोढ़ि कऽ लबैत छथि आओर ओहि फुल सँ अगिला दिन शिव–पार्वती, नाग–नागिन आओर आनो–आन देवताक पूजा–अर्चना अपन सुहागक रक्षा लेल करैत छथि। फुल लोढैत जायत काल आओर पूजनक काल महिला सभ द्वारा गाओल जा रहल पारंपरिक गीत–नाद चहूँ दिस सुनल जा रहल अछि। अछि। पचीस जुलाई सँ शुरू भेल ई पावनि सात अगस्त कऽ समाप्त भऽ जायत।

---

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे थमि–थमि कऽ बारखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच कटिहारक मनसाही मे सभ सँ बेसी पनचानवे मिलीमीटर बारीश भेल अछि। ओतहि, पूर्णियांक बनमखी मे एकसठि दशमलव दू, भभूआक अघवारा मे अनठावन दशमलव आठ, औरंगाबादक कुटुम्बा मे सैंतालीस दशमलव छओ आओर बांका मे तैंतालीस मिलीमीटर बारीश भेल अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे अगिला पांच दिन धरि राज्यक बेसी क्षेत्र मे बारीश भऽ सकैत अछि। मौसम विभाग अगिला अड़तालीस घंटा मे किशनगंज, अररिया, भागलपुर, सीतामढ़ी, मधुबनी, पूर्वी आओर पश्चिमी चंपारण जिला मे किछु ठाम भारी बारीशक लेल येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।

---

नवादा मे चौदह लोकक शराबक जहरि सँ मृत्युक मामिला मे फरार पचास हजार टाका ईनामी आरोपी पिंकु उर्फ चंदन यादव के पुलिस गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। वर्ष दू हजार एकैस मे ई घटना घटल छल।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।